



### Itangazo rya CNIDH ryo ku wa 4 Munyonyo 2016

1. Umurwi w'Igihugu wigenga ujejwe agateka ka zina muntu (CNIDH) uratewe umwitwarariko n'itituka ry'imigenderanire hagati ya Leta y'Uburundi n'igisata c'ishirahamwe mpuzamakungu ONU kijejwe agateka ka zina muntu, na cane cane ibiro vy'uwuhagarariye ONU mu bijanye n'agateka ka zina muntu (Haut Commissariat des Nations Unies aux Droits de l'Homme). Iryo tituka ribonekera mu kutumvikana kuhari ku bijanye n'ishirwa mu ngiro ry'ingingo zimwe zimwe za ONU, harimwo ingingo ya 2303 y'Inama ya ONU ijejwe umutekano, irekurira ishishirahamwe ONU kurungika abapolisi benshi ba ONU mu Burundi, ingingo y'Inama ijejwe agateka ka zina muntu ishishiraho umurwi ujejwe amatohoza ku Burundi, ingingo ya Leta y'Uburundi ibuzaba abahinga batatu ba ONU gushika ku gataka k'Uburundi, biturutse ku cegeranyo bakoze ku Burundi mw'itohozwa rya ONU ryiswe EINUB, naco kikaba cariyamirijwe na benshi kubera ibintu biteye impari vyarimwo, hamwe rero n'ingingo y'uguhagarika vy'imfatakibanza ugufashanya hagati y'Uburundi n'ibiro vya ONU bijejwe agateka ka zina muntu mu Burundi.
2. Umurwi CNIDH urashima intumbero Leta yafashe y'ugukomeza ibiganiro n'ishishirahamwe ONU kugira cane cane umwumvikano ugaruke kandi ugufashanya bisubire hisunzwe ivyo igihugu gikeneye koko, kandi hakanarabwa ivyahindutse mu bijanye na politike, umutekano, iterambere ry'inzego hamwe rero no mu vy'agateka ka zina muntu. Umurwi CNIDH urahimirije impande zose kwihutira ibiganiro batanguye kugira ugufashanya bisubire mu maguru masha, mu mwumvikano n'ukwizerana.
3. Umurwi CNIDH warakwirikiranye ibijanye n'ingingo Uburundi bwafashe yo kuva mu masezerano y'i Roma agenga sentare mpanavyaha mpuzamakungu. Kubwa CNIDH, iyo ngingo ntiyogira intumbero yo



gushira uruho rw'amazi ku vyaha vyo gusinzikaza agateka ka zina muntu vyakozwe canke bishobora gukorwa mu Burundi. Ahubwo, Umurwi CNIDH ubona ko kuva muri ayo masezerano bisigura ko ubutungane bw'Uburundi n'izindi nzego vyega zitegerezwa kubandanya kandi zigashitsa amatohoza ku vyaha vyose vy'ugusinzikaza agateka ka zina muntu vyakozwe no kumenyeshya ukuri, gutunganiriza no gusubiza iteka abasinzikajwe hamwe n'imiryango yabo, kugira ingendo y'ugusinzikaza agateka ka zina muntu iranduranwe n'imizi. Umurwi CNIDH urateye intege abajewe ubutungane ngo bakorane ubwira ico gikorwa c'iteka igihugu cabajeje.

4. Umurwi CNIDH urashima ukuntu umutekano n'agateka ka zina muntu biguma bitera imbere mu gihugu cose, naho hakiri uduce tumwe tumwe tukivugwamwo ibibazo vy'umutekano biza biriyadukiza. Aha twovuga nko mu makomine ya Mugamba na Matana mu ntara ya Bururi hamwe no muri Burambi na Bugarama mu ntara ya Rumonge. Umurwi CNIDH ubona ko umutekano uagenda utera imbere kubera abanyepolitike bahisemwo ibiganiro nk'inzira yo gutorera umuti ibibazo badahurizako aho gukoresha igikenye.
5. Umurwi CNIDH uratewe umwitwarariko n'ingingo Leta yafashe yo gufuta burundu amashirahamwe atanu (05) no guhagarika vy'imfatakibanza ayandi atanu (05). Umurwi CNIDH uratewe kandi umwitwarariko n'ukutavugana kuri hagati y'abajewe intwari n'abarongoye ayo mashirahamwe mu ntumbero yo gutorera inyishu ico kibazo. Umurwi CNIDH usavye Leta gusubira kwihweza izo ngingo kandi uhanuye abarongoye amashirahamwe arabwa n'izo ngingo gushira imbere kwitura ubutungane.

**Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 4 Munyonyo 2016**

**Jean-Baptiste Baribonekeza**

**Umukuru w'Umurwi**

